

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil pedaran panalungtikan dina bab IV. Baris dipedar kacindekan hasil panalungtikan anu ngawengku ulikan struktur jeung ajén étnopedagogik dina *Wawacan Mahabarata*.

5.1.1 Struktur Carita

5.1.1.1 Struktur Formal

Struktur formal dina *Wawacan Mahabarata* ngawengku guru lagu jeung guru wilangan, watek pupuh, jeung sasmita pupuh. Pupuh dina *Wawacan Mahabarata* anu luyu jeung patokan guru lagu jeung guru wilangan nyaéta pupuh magtru jeung pupuh pucung. Sedengkeun pupuh anu teu luyu jeung patokan guru lagu jeung guru wilangan nyaéta pupuh asmarandana, pupuh, dangdanggula, pupuh durma, pupuh kinanti, pupuh maskumambang, pupuh mijil, pupuh pangkur, pupuh sinom jeung wirangrong.

Watek pupuh dina *Wawacan Mahabarata* nyaéta pupuh asmarandana anu ngagambarkeun silih asih jeung kanyaah; pupuh dangdanggula ngagambarkeun kaagungan jeung kabungah; pupuh durma ngagambarkeun ngambek jeung perang; pupuh kinanti ngagambarkeun prihatin; pupuh magtru ngagambarkeun prihatin; pupuh maskumambang ngagambarkeun nalangsa jeung prihatin; pupuh mijil ngagambarkeun susah jeung sedih; pupuh pangkur ngagambarkeun napsu, ambek jeung perang; pupuh pucung ngagambarkeun piwuruk; pupuh sinom ngagambarkeun gumbira jeung senang; jeung pupuh wirangrong ngagambarkeun kawiwirangan.

Sasmita pupuh anu kapanggih dina *Wawacan Mahabarata* nyaéta kecap *dangdanggula* pikeun nuduhkeun pupuh dangdanggula jeung kecap *megat* pikeun nuduhkeun pupuh magtru.

5.1.1.2 Struktur Naratif

Wawacan *Mahabarata* mibanda struktur carita nu tangtu, anu ngawengku téma, palaku, latar, jeung galur. Téma anu panglobana dipaké dina unggal épisode carita *Mahabarata* nyaéta téma Sosial. Téma sosial kagambarkeun ngaliwatan kaayaan konflik sosial anu aya dina carita anu dominan. Salian éta aya ogé téma anu nyampak dina carita Mahabarata saperti téma égoik jeung téma hubungan manusa ka Pangéran.

Palaku anu aya dina carita mahabarata mangrupa gambaran tina kahirupan manusa sapopoé. Aya palaku anu miboga watek anu hadé pikeun picontoeun kanu maca, aya ogé palaku anu miboga watek anu goréng anu teu saluyu jeung norma atawa moral pikeun pieunteungeun sangkan pamaca teu nurutan kana watek palaku anu goréng.

Latar anu aya dina carita Mahabarata loba ngagunakeun latar tempat. Latar tempat anu remen dipaké nyaéta di karajaan atawa disabudeureunana, lantaran konflik dina ieu carita teu jauh tina masalah anu aya di karajaan. Latar waktu jeung sosial dipaké pikeun ngalengkepan kaayaan sosial masarakat hususna di karajaan.

Galur anu dipaké dina carita Mahabarata nyaéta galur maju atawa mérélé. Dumasar kana jumlahna carita Mahabarata maké galur sub galur dibanding galur tunggal, anu nyababkeun ieu galur carita téh leuwih padet. Dumasar kana eusina, galur pamikiran jeung *peruntungan* paling remen dipaké pikeun némbongkeun eusi carita dibandingkeun jeung galur Palaku.

5.1.2 Étnopedagogik

Ajén étnopedagogok dina *Wawacan Mahabarata* ngarucu kana kana moral manusa, moral manusa ka pangeran, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka jalma séjén, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan hirup.

Ajén érnopedagogik anu kapanggih diantarana moral manusa ka pangeran anu katembong ku para paluku anu percaya ka Déwa, Yang Agung, Fajar Sukma Nur 'Alam, 2015
WAWACAN MAHABARATA ANGGITAN R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA, SPK

Yang Manon, Nu Maha Kawasa, Yang Widi, Gusti jeung percaya kana takdir. Salian éta moral manusa ka Pangérana téh nyaéta taat kana ajaran agama.

Moral manusa ka pribadina anu katembong ku sifat jeung kalakuan kana dirina pribadi nyaéta ngabogaan sifat adil, jujur, pageuh nyekel jangji, teu boga sifat sirik, lempeng haténa, nurut kana ka sepuh, wijaksana, sabar, satia, nyaah kasasama, handap asor, ngaku kana kasalahanana, ngarasa kaduhung, pinter élmu dunya jeung ahérat, ikhlas narimakeun kana takdirna.

Moral manusa ka jalma séjén katémbong dina sikep atawa kalakuan manusa ka papada manusa, éta moral téh diantarana silih tulungan, taat kana aturan jeung buméla ka nagara, teu pilih kasih, teu menang ngabogaan hak anu lain hakna, sauyunan sasama dulur, silih geuingkeun, silih hampura, silih hargaan, silih percaya, jeung perhatian kasasama manusa.

Moral manusa ka alam anu ngamanfaatkeun sagala rupa anu aya di alam diantarana cai anu manusa teu bisa leupas tinu cai, tutuwuhan, sasatoan dina kahirupanana, tempat anu aya di alam pikeun kapentingan jelema séjén, jeung ngagambarkeun kajadian-kajadian di alam kana kaayaan suasana dina carita.

Moral manusa kana waktu ditandaan ku manusa anu sadar ayana waktu. Waktu anu kalingkung ku isuk, beurang, burit, peuting. Kaitung ku itungan poé, bulan jeung taun. Nepikea waktu anu teu kaitung teu bisa ditangtikeun isuk, beurang peutingna, poé, bulan, tauna.

Moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir jeung batin kabagi jadi moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahir anu leuwih kana nyumponan kahayang dunya wungkul saperti nangih jangji, hayng kawin, males kanyeri, jeung hayng dikaulaan. Moral dina ngahontal kasugemaan batin diantarana ngahukum diri sorangan pikeun nyucikeun diri, milih nu beres haté batan anu beunghar ku harta, jeung ihlas narohkeun nyawa.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan ngeunaan struktur jeung étnopédagogi leuwih hadéna mah dipatalikeun jeung pangajaran lantaran ieu panalungtikeun mangrupa hasil analisis ngeunaan moral-moral kamanusaan pikeun pendidikan karakter sakaligus

Fajar Sukma Nur 'Alam, 2015

WAWACAN MAHABARATA ANGGITAN R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA, SPK

ngeuyeubah kasusastraan jeung dunya atikan. Aya sababaraha saran pikeun mahasiswa hususna mahasiswa basa Sunda, para guru basa Sunda, jeung masarakat umum nu maca.

1. Pikeun mahasiswa basa Sunda

Ieu panalungtikan bisa dijadikeun rujukan sarta dituluykeun ku panalungtikan satuluyna pikeun kamekaran élmu pangaweruh dina widang kasusastraan jeung atikan hususna dina karya sastra buhun

2. Pikeun guru basa Sunda

Hasil panalungtikan bisa dijadikeun référénsi bahan pangajaran siswa lantaran miboga ajén-ajén husus na moral kamanusaan pikeun ngawangun pendidikan karakter siswa.

3. Pikeun masarakat umum

Hasil panalungtikan bisa dilarapkeun dina kahirupan pribadi atawa kahirupan dina masarakat sangkan ieu panalungtikan teu ngan saukur sarat tapi bisa ngaronjatkeun dunya atikan, hususna pendidikan karakter di masarakat.